Pou Jèn Moun yo: Dwa ak Responsablite Ou nan Lekòl

Tout timoun and jèn moun nan peyi Etazini gen dwa pou yo benefisye yon edikasyon piblik ki gratis, kèlkeswa estati legal yo, lang yo pale, oswa nivo lekòl yo.



Dwa Timoun ak Jèn Moun yo:



Pou yo resevwa sipò nan lekòl antanke moun k ap aprann Anglè



Pou yo jwenn dokiman ki adapte pou nivo yo nan tout matyè yo



Pou yo mete yo nan yon anviwònman avèk lòt elèv ki gen menm laj ak yo



Pou yo patisipe nan nenpòt pwogram lekòl la ofri, tankou pwogram pou elèv ki avanse yo oswa elèv ki gen andikap, nan klèb, ak espò



Pou yo genyen yon anviwònman ki san danje, òganize, epi san dwòg kote pa gen entimidasyon, tizonnay, ak okenn fòm diskriminasyon

Responsablite Timoun ak Jèn Moun yo:

- ☐ Ale lekòl regilyèman
- ☐ Rive lekòl alè
- ☐ Pare pou aprann chak jou
- ☐ Suiv kòd abiman lekòl la
- ☐ Ede kenbe yon anviwònman lekòl ki san danje epi ki òganize
- ☐ Pa goumen avèk lòt elèv, pa pote zam ni dwòg nan lekòl la, pa antre nan gang, pa di betiz ni menase moun
- ☐ Montre respè ak konpasyon pou byen ak dwa lòt moun